Woo ngir bokk ci gëstu gi

# Doing Arrival – Jikko yu jëm ci teggu ci dëkk bi ci ñi fi bees ci Freiburg ak Saint-Louis

Ñi bëgg a bokk,

Ñu ngiy wut ay nit yu jóge Senegaal ak Gàmbiia, ñu bees ci Freiburg walla ñu bëgg faa dëkk ci kanam tuuti.
Danu leen bëgg a jàppale bu ngeen agsee, ngir gën a xam nan la ngeen di jàppandiku ci seen dëkkuwaay bu bees bi, nan la ngeen di waajale seen des, ak ban xam-xam ak ban pexe ngeen yor bu ngeen agsee Freiburg.

**Sart yi ngir bokk:** Ngir mën a bokk, war nga am sa àppu mag te jóge ci Afrig sowu, rawatina Senegaal ak Gàmbiia. Bi ñu la jotee, waroo dëkk Freiburg lu ëpp ñetti weer. Dañuy soññ itam jigeen ñi bu baax ngir ñu bokk ci gëstu gi.
Ngir xam ndax mën nga bokk ci gëstu gi, dinañu la njëkk a leeralal proose bi ci ab daje buñu fasante. Soo nanguwoo bokk, dinañu la jox ab kayit buñuy siñe ngir nga nangu. Su fekkee amuloo sa ndigal, duñu mën a def gëstu gi, walla dajale ak seetlu xibaar yiñu leeral ci suuf. Mën nga itam bàyyi gëstu gi saa su la neexee te doo ci joxe benn sabab.

**Doxalin yi ñu jëfandikoo ci ñetti jéego:** Dinañu la jàppale bu nga agsee, ci jëfandikoo ay doxalin yu wuute yu jëm ci xam-xam. Bu njëkk, danu bëgg a xamante ak yaw ci barab bu dal te ànd ak yaw ci sa kër. Su fekkee ne tànn nga bokk ci gëstu gi, dinañu waajal benn doxantu ci biir dëkk bi ñun ñaar, te dinañu ko filmé. Bu ñu paree seetlu video yi – loolu di liggéey bu jël diggante ñeenti weer ba juróom-benn weer – dinanu la woo waat ngir won la li ñu ci gis, te bëgg koo waxtaane ak yaw ci ay dogi-dogi video yu ñu tànn.

**Soloy projet bi:** Danu bëgg a gëstu naka la xam-xam bu njëkk, alalu bopp, ak doxalinu aada ak askan wi di defaree dugg gi ak di yittéel jikko ji ci biir dëkk bi. Rawatina, li nu gën a ñor mooy naka la doxalinu bés bu nekk di sosoo gannaaw bu ñu agsee Freiburg.

**Soo bëggee bokk walla amee yeneen laaj, jookkol ak:**
Dr. Claudia Ba (français, english, deutsch)
Telefoon +49 6151 16 57344
Imel: [ba@ifs.tu-darmstadt.de](mailto:ba@ifs.tu-darmstadt.de)
Dalub web: [https://doingarrival.com/teilnehmende-gesucht/](https://doingarrival.com/teilnehmende-gesucht/)

**Ñu ngi xaar ak mbégte seen bokk ak seen cër ci sunu gëstu gi!**

Dr. Claudia Ba | Technische Universität Darmstadt | Institut für Soziologie | Stadt- und Raumsoziologie | Gebäude S3|13, Raum 310 | Residenzschloss 1, 64283 Darmstadt